



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 40 MILYON DOLA POU SÈVIS SIPÒ POU BRIZE SIK SANZABRI YO

Pwogram Lojman ki bay soutyen Eta New York la ofri finansman enpòtan pou sèvis ki ede moun ak fanmi yo evite sityasyon sanzabri

Finansman eta a pèmèt 128 òganizasyon kominotè bay sèvis sipò pou Nouyòkè ki vilnerab yo.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te akòde 40 milyon dola bay 128 òganizasyon san bi likratif ak gouvènman lokal yo pou bay sèvis pou rezidan devlopman lojman ki bay sipò nan kominote atravè Eta New York. Pwogram Lojman ki bay Sipò (Supportive Housing Program) Eta New York la ki administre pa Biwo Asistans Tranporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a ap bay 136 devlopman lojman ki bay sipò ansanm ak 141 sit ki sipèvizè pa Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services) Vil New York la ak finansman operasyon ki itilize pou bay asistans rezidan yo bezwen yo pou brize sik sanzabri a.

"Pliske pandemi an ap kontinye, nou dwe kontinye ranfòse rezo sèvis sipò nou yo, ki bay Nouyòkè ki vilnerab yo asistans yo bezwen pou viv yon lavi ki an sekirite epi ki stab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou asosye lojman ki abòdab ak sèvis sipò, n ap ede Nouyòkè ki vilnerab yo abòde epi simonte rezon prensipal konplèks enstabilite lojman yo, pou yo ka brize sèk visye a epi vanse pou pi devan nan lavi ki endepandan, ki epanouyi."

Antou, finansman an ap bay sèvis pou 17,539 kabann pou adilt, 2,542 inite familyal, ak 372 kabann pou jèn adilt nan devlopman lojman ki bay sipò nan 45 konte atravè eta a. Gade yon [lis sibvansyon yo](#).

Pwogram Lojman ki Bay sipò Eta New York la fèt pou bay finansman pou sèvis dirèk pou ede popilasyon ki kalifye ki rete nan pwojè lojman pèmanan oswa tranzisyon yo. Fon yo sipòte depans sèvis ki fèt pou fè pwomosyon establite lojman ak plis endepandans, ki enkli anplwa, establite sante, ak reyalizasyon akademik.

Pwogram nan ap ede yon gran kantite Nouyòkè, ki enkli viktim vyolans domestik; moun ki gen maladi mantal oswa istorik twoub toksikomani; ansyen militè; moun ki te enplike

anvan nan sistèm jistis penal la; ak moun k ap viv ak VIH/SIDA. Epi tou, jèn adilt ki te grandi nan sistèm fwaye dakèy; jèn ki sove lakay yo oswa ki sanzabri; fanmi ke asistans tanporè yo ap ekspire oswa ki ekspire; fanmi ki gen plizyè baryè pou travay ak estabilite lojman; fanmi ki gen risk pou pitit yo plase nan fanmi akèy; ak fanmi k ap reyini ak timoun yo apre yo te mete yo nan fanmi akèy.

Sèvis sipò ki finanse atravè pwogram nan fèt pou ede moun ak fanmi yo rete nan lojman ki estab pou yo ka evite ensekirite lojman oswa plasman nanabri ijans. Sèvis sa yo enkli jesyon dosye; benefis ak defans pou swen sante; oryantasyon ak entèvansyon pou kriz; travay ak asistans pwofesyonèl; asistans pou edikasyon; devlopman kapasite parantal; ak fòmasyon nan konpetans lavi, pami lòt sèvis.

Etid yo te montre [Efikasite alontèm ak benefis](#) lojman ki bay soutyen pou ede popilasyon ki vilnerab yo reyalize epi konsève estabilite lojman. Lojman ki bay sipò efikas tou nan [reyalize lòt rezilta ki pozitif](#) nan sa ki gen pou wè ak sante mantal ak fizik. epi soulaje itilizasyon sistèm swen sante, koreksyon, oswa lòt sistèm pa moun ki sanzabri yo.

Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Twò souvan, Nouyòkè ki sanzabri yo ap fè fas ak pwoblèm ki kache k ap konbribe nan ensekirite lojman yo. Pwogram Lojman ki Bay Sipò Eta New York la ap finanse òganizasyon kominotè ki san bi likratif yo pou yo ka bay sèvis esansyèl pou moun ak fanmi ka itilize pou brize sèk sanzabri a."

Direktè Egzekitif Rezo Lojman ki Bay Sipò (Supportive Housing Network) New York la, Laura Mascuch, te deklare, "Nan non plis pase 200 manm òganizasyon san bi likratif Rezo Lojman ki Bay Sipò New York la, nou remèsye Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a pou sibvansyon resan 40 milyon dola ki anonse a pou sipòte sèvis nan 136 rezidans lojman ki bay sipò nan Eta New York atravè Pwogram Lojman ki Bay Sipò Eta a. NYSSH se souvan sèl sous finansman manm yo pou ede lokatè yo viv nan fason ki stab epi ak diyite nan kominote yo epi li enpòtan anpil pou ede brize sik sanzabri a pou fanmi ak moun ki sanzabri ki pi vilnerab nan eta a."

Komisè Depatman Sèvis Sosyal la Steven Banks, te deklare, "Depatman Sèvis Sosyal Eta NY la te fè pwogrè ki enpòtan pou abòde pwoblèm sanzabri a epi ranfòse pakou wè estabilite pou tout Nouyòkè ki nan bezwen. Sa te enkli koneksyon ak apeprè 180,000 Nouyòkè ak opòtinite lojman nan pri abòdab pèmanan ak plis pase 16,000 Nouyòkè nan opòtinite lojman ki bay sipò. Nou rekonesan pou finansman vital sa ki soti nan Eta a k ap pèmèt nou apiye pwogrè sa epi ranfòse pi plis misyon nou pou bay Nouyòkè ki vilnerab yo kalite sipò bon kalite ak resous yo bezwen epi merite pandan y ap retounen sou pye yo."

Prezide Komite Sèvis Sosyal Sena a, Senatè Roxanne Persaud te deklare, "Plizyè milye adilt ak fanmi vilnerab atravè Eta New York gen kay ki estab akoz pwogram lojman ki bay sipò yo. 40 milyon dola yo bay pou apeprè 130 òganizasyon ki san bi

likratif yo soutni sèvis jeneral ki favorize estabilite, endepandans, reyalizasyon ak rekiperasyon finalman pou Nouyòkè k ap goumen yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418